*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 126 (25855)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 15 июл — сусæны мæйы 15 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НЫСАНТÆ
*Нæ удварны хæзнатæ*

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
*Нæ Иры фæсивæд*

4 ФЫДÆЛТЫККОН ÆГЪДÆУТТÆ
*Базыгæй кувын...*

**Медиафорум**

# "PRO Кавказ": уæлахиздзаутæ сбæрæг сты

**Цæгат Ирыстоны ацыд дыккæгæм дунеон медиафорум "PRO Кавказ". Йæ фæлгæты дыууæ боны дæргъы арæзт цыдысты мастер-къластæ, ахсджиаг ныхасдискусситæ, ахуырадон мадзæлттæ, равдыстытæ æмæ литературон армукъа. Фæлæ уыйадыл форумы раз æвæрд хæстæ нæ фесты. Традицион ссис форумы журналистон ерыс. Ацы аз уацхæсджытæ сæхи фæлвæрдтой фараст номинацийы жанртæм гæсгæ.**




"PRO Кавказ"-ы дыккаг бон уыд дзаг цымыдисаг программæйæ, зæгъæм, экспертæ кастысты лекцитæ. Уыдонæй иу уыд мыхуыры фæрæзты фидæны тыххæй. Ам, газет "Цæгат Ирыстон"-ы сæйраг редактор **Битарты Маринæйы** амындæй, экспертæ ныхас кодтой, газеткæсджыты нымæц фæфылдæр кæныны тыххæй цы мадзæлттæ хъæуы, нымæцон дуг цавæр хæстæ æвæры мыхуыры фæрæзты раз, цæмæй æрлæууой Интернеты информацион фæрæзты рæнхъы. Ныхасы архайдтой газет "Коммерсантъ"-ы сæйраг редакторы хæдивæг **Иван Сухов**, РЦИ-Аланийы мыхуыры фæрæзты æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сæрдары хæдивæг **Габалты Мæдинæ**, мыхуыры фæрæзты æмæ рауагъдадон куысты иннæ минæвæрттæ.

Иннæ цымыдисаг фембæлд уыд æфсæддон уацхæсджытимæ — телеканал "Бетъырбух"-ы генералон директор **Александр Малькевич**, батальонтæ "Ныббырст.Ирыстон" æмæ Аланыстон"-ы сæрмагонд уацхæссæг **Мамсыраты Георги.**

Бирæ зæрдылдарæн мадзæлттæ арæзт уыд форумы фæлгæты, бирæ ахсджиаг хъуыдытæ загъд уыд, фæлæ кæронбæттæн æрхæццæ. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ сбæрæг сты журналистон ерысы уæлахиздзауты нæмттæ. Уæлдæр куыд загътам, афтæмæй уацхæсджытæ архайдтой фараст номинацийы: "Идея PRO интервью (видео æмæ текст)", "Идея PRO репортаж (видео æмæ текст)", "Идея PRO очерк (видео æмæ текст)", "Идея PRO авторский канал в социальных сетях", "Идея PRO радио" æмæ сæрмагонд номинаци — "Идея PRO защитников Отечества: вчера, сегодня, всегда!"

Уымæй уæлдай, ацы аз ерысæн уыд Гран-при дæр "Идея PRO". Уæлахиздзаутæн кады гæххæттытæ æмæ премитæ лæвæрд æрцыдысты, медиафоруммæ æвæрæн цы амалхъомтæ бахастой, уыдоны къухæй. Ерысы сæйрагдæр номинацийы уæлахиздзауы схорзæхджын кодта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис.**

(Кæрон 2 фарсыл)

**Нымæцтæ**

## Æфстæуттæ – амалхъомадон компанитæн

**Амалхъомады къабазы райрæзтыл чи ауды, уыцы организацитæй иу у Кредитон зæрдæдарæнты республикон фонд.**

Цæгат Ирыстоны Экономикон рæзты министрады пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй 2023 азы фыццаг æмбисы амынд фонд республикæйы чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомады куыстуæттæн алыхуызон нысанæн финансон æххуысы хуызы радих кодта 1,2 миллиард сомæй фылдæр.

Æмткæй райсгæйæ, фонды æфстæуттæй азы фыццаг æмбисы спайда кодтой чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомады 59 субъекты.

Уыдонæн сæ фылдæр æрбынæттон сты Дзæуджыхъæуы. Иннæтæ сты Рахизфарсы, Кировы, Æрæфы, Æрыдоны æмæ иннæ районты.

Фонды минæвары ныхасмæ гæсгæ, амалхъомтæ цы кредиттæ æркуырдтой, уыдонæн сæ фылдæр хай хардзгонд æрцæудзæн хъæууон хæдзарады, промышленнон куыстад æмæ базарады проекттæ æххæст кæнынæн.

**Нæ уацхæссæг**

**Транспортон фыдбылыз**

## Æфсæнвæндагыл – уæлдай къæрцхъус

**Знон райсомы 8 сахатыл Елхотмæ 'ввахс æфсæнвæндагыл æрцыд транспортон фыдбылыз.**

Поезд "Дзæуджыхъæу - Мæскуы"-йæн йæ фæндаг ахгæдта уæзласæн хæдтулгæ. Æмæ дыууæ транспортон фæрæзы кæрæдзи сцавтой. Поезды машинист бæргæ бафæлвæрдта æвæстиатæй æрурομын, фæлæ ма уæддæр вагæтты хал уæзласæн хæдтулгæ йæ разæй иуцасдæр фæласта.



Хæдтулгæйы шофыр рынчындонмæ бахауд. Иннæ бæлццæттæй хъыгдард ничи баййафта.

Уый тыххæй фехъусын кодта УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады РЦИ-Аланийы Сæйраг управленийы пресс-службæ.

Бон-сихорафон акционерон æхсæнад "Уæрæсейы æфсæнвæдæгтæ"-йы минæвар куыд радзырдта, афтæмæй фæндагон фыдбылызы аххосæй Дзæуджыхъæу æмæ Мæскуы, Адлер æмæ Бетъырбухы 'хсæн цæуæг поездты цыд цалдæр сахаты фæкъуыхцы. Боны дыккаг æмбисы æфсæнвæндаджы амынд уацгаг ногæй æнæкъуылимпыйæ кусын райдыдта.

**Нæ уацхæссæг**

**Уæрæсе — Хуссар Ирыстон**

## "Амонд" — дунеон фестивалы

**Адæмон кæфтыты хуссарирыстойнаг ансамбл "Амонд" æрæджы горæт Махачкалайы архайдта дунеон фольклорон фестивал "Хохæгтæ"-йы.**

**Цхинвалы районы культурæйы управленийы минæвар Тедеты Зæлинæ журналистæн куыд радзырдта, афтæмæй "Амонд"-ы минæвæрттæ фестивалы мадзæлтты фæлгæты равдыстой цалдæр музыкалон-хореографион композицийы. Уымæй уæлдай, ирыстойнаг кафджытæн уыд хицæн концерт дæр. "Махачкалайæ уæлдай, нæ республикæйы минæвæрттæ сæ аивадимæ базонгæ кодтой республикæйы районты цæрджыты дæр", — загъта уый.**

**"Амонд"-ы архайджытæн фестивалон жюри саккаг кодта сæрмагонд дипломтæ.**

***(Информацион агентад "Рес")***

**Парламенты советæй**

# Кировы район: йæ абон, йæ фидæн

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты советы радон æмбырд. Амыдта йæ ТУСКЪАТЫ Таймураз. Депутаттæ афæдзы райдайæны хорз фæтк сфидар кодтой æмæ, уый æххæст кæнгæйæ, дардæр кусæг балцы уыдысты Кировы районы.**

Парламенты уæнгтæ Елхоты цы æмбырд сарæзтой, уым æркастысты районы социалон-экономикон уавæрмæ, национ проекттæ æмæ паддзахадон программæтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уыцы фарстатæм. Депутаттæ федтой, скъолатæ æмæ фæндæгты цалцæг, социалон объектты арæзтад.



Советы æмбырды райдайæн Тускъаты Таймураз бæстон радзырдта районы историйы фæдыл, канд нæ республикæйы нæ, фæлæ æнæхъæн Уæрæсейы дæр зындгонд чи уыдис, йæ намысджын фæллойæ йæхицæн адæмы зæрдæты ном чи скодта, нæ бæстæйы рæстмæ стыр æвæрæн чи бахаста, уыцы разагъды лæгты царды хабæрттыл.

Парламенты уæнгтæ байхъуыстой, районы бюджеты фæрæзтæ ивгъуыд 2022 азы куыд хардзгонд цыдысты, цы бафтыд районы къухы сарaзын æмæ дардæр цæуыл архайдзысты, уыцы докладмæ. Уый фæдыл раныхас кодта Кировы районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Батиаты Хъазыбег.** Куыд радзырдта, афтæмæй хъалонты æмæ æнæхъалонты бюджеты æфтиæгтæ ивгъуыд аз сырæзыдысты **83,1** милуан соммæ. Ацы нымæц та ууыл дзуры, æмæ район йæ социалон хæстæ æххæст кæны афоныл æмæ бæлвырд.

— Районы бюджетмæ цы æфтиæгтæ æрбацыд, уыдон хардзгонд цыдысты комкоммæ нысантыл. Кæд абон зын рæстæджытæ сты, санкциты уавæры цæрæм, уæддæр нæ район архайы йæ размæ æвæрд нысантæ æххæст кæныныл, æмæ нæ къухы æфтгæ дæр кæны. Район рæзы, хуыздæр кæнынц йæ цæрджыты социалон уавæртæ дæр. Ивгъуыд 2022 азы бюджеты фæрæзтæ хардзгонд цыдысты: ахуырадыл, национ экономикæйыл, физикон культурæйыл, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадыл. Нæ район хъæууонхæдзарадон у. Аграрон къабазы нæм архайы 90 хъæууонхæдзарадон куыстуаты æмæ 205 та — хицæн амалхъом адæймаджы æмæ арендатортæ. Уымæй уæлдай ма, районы ис 6643 хи чысыл хæдзарады. Ивгъуыд аз районы хоры æрзад уыдис 60103 тоннæйы, 1921 тоннæйы та — халсартæ. 1269 гектары фæфылдæр дыргъцæхæрадæтты фæз дæр. Дыргъты тыллæг систам 10193 тоннæйы. 2021 азимæ абаргæйæ, ацы нымæцтæ сты æнтыстджыныл нымад.

Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ районы райрæзт кæсагдарынады къабаз. 350 гектарыл цадтæй 2022 азы кæсаджы продукцийы нымæц сырæзт 229 тоннæмæ. Уæдæ фосдарынады фарстайы дæр район æнтыстджын къахдзæфтæ кодта. Сæ нымæц уыдис: 3195 сæры стуртæ æмæ 8459 фысвос. Афтæмæй дзидзайы продукци ивгъуыд аз 528,2 тоннæмæ схызт, æхсыры продуктты нымæц та 1779 тоннæйы. Æхсызгон хъуыддаг рауад, районы аграритæ кæй фæуæрæхдæр кодтой хоры зымæгон культурæты фæз 330 гектарыл. Уæдæ аграрон къабазы инвестициты рæзт дæр фæуæрæхдæр. Æхсæнад "Радужная форель" Кæрдзыны хъæуы сарæзта, лæппын кæсаг уал кæм дардзысты, ахæм инкубаци, 1 æмæ 8 бассейны та товарон кæй хонынц, ахæмтæ. 2022 азы ацы куыстуат фæуæрæхдæр кæнынæн дихгонд æрцыд ноджыдæр 3 милуан сомы æмæ бaлергæсаджы продукци райстой 40 тоннæйы. Хъæуы цæрджытæн та фæзынд куысты бынæттæ. Æхсæнад "Аланыстоны дыргъдæттæ" сарæзта, 32 тоннæйы кæм цæуы, ахæм дыргъæвæрæн объект. Паддзахадон æмæ муниципалон программæты бындурыл районы æххæстгонд цыдысты арæзтады æмæ цалцæджы куыстытæ 323 милуан сомæн. Паддзахадон программæ "Хъæууон фæзуæтты комплексон рæзт"-ы бындурыл райдыдтам Елхоты доны хæтæлты рацарæзт æмæ хъæууонхæдзарадон куыстуат "Де Густо"-йы кусджытæн 7 цæрæн хæдзары арæзтад. Кæронмæ фестæм 4 æхсæнадон фæзуаты хæрзвадат уавæртæм рацаразыны архайд дæр. Национ проект "Хæрзхъæд æмæ æдас фæндæгтæ"-йы фæлгæты та цалцæггонд æрцыдысты фæндæгты 3600 километры.

(Кæрон 2 фарсыл)

**Бынæттон хиуынаффæйад**

## Спортивон æмæ хиирхæфсæн фæзтæ

**2023 азы райдайæнæй нырмæ Дзæуджыхъæуы цалцæггонд æрцыдысты спортивон æмæ сывæллæтты хиирхæфсæн 16 фæзы.**



Ахæм нымæцтæ фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны сæйраг горæты администрацийы пресс-службæ.

Пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, муниципалон куыстуат "Спецэкосервис"-ы бригадæтæ цалцæггæнæн æмæ фæлгонцадон куыстытæ бакодтой Владикавказаг, Кырджалиаг, Дзусы-фырты, Ирыстойнаг, Темырты æфсымæрты, Мæскуыйаг, Ирыстойнаг, Кутузовы æмæ æндæр уынгты.

Хæстæгдæр рæстæг цалцæггæнæг бригадæтæ бавналдзысты, Кольбусы, Леваневскийы, Герцены æмæ иннæ уынгты бирæфатерон цæрæн хæдзæртты кæртыты цы спортивон æмæ хиирхæфсæн фæзтæ ис, уыдоны рацарæзтмæ.

Æмткæй райсгæйæ, амынд муниципалон куыстуаты бæрны ис 235 спортивон æмæ хиирхæфсæн фæзы.

**Нæ уацхæссæг**

**Дзырды фарн**

*Скъола – зонды мад.*

*Елхиты Тæтæри*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **15 июлы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **28-33 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **28-30 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,00

**Хурыскаст** — 04,36
**Хурныгуылд** — 19,36

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 90,12 ↑
**Евро** — 101,2 ↑

12+

Хицауадæй

# Нæ удварны хæзнатæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис разамынд кæмæн лæвæрдта, уыцы ‘мбырды ныхас цыдис Цæгат Ирыстоны культурон исбоны цыртдзæвæнтæ бахъахъхъæнынил. Йæ разныхасы фæнысан кодта, уыцы хæзнатæ бахъахъхъæнын кæй у республикæйы профилон куыстуæтты архайды сæйраг нысан.**

сæвæрын хъæуы информацион фæйнæджытæ, бæлццæттимæ чи дзура, уыдон та сæхæдæг хъуамæ иттæг хорз зоной алы объектæн дæр йæ рагон истори æмæ хицæндзинæдтæ. Хъуыддагмæ



— Цæгат Ирыстонæн ис хъæздыг историон æмæ культурон бынтæ. Ис нæм бирæ рагон цыртдзæвæнтæ. Бонæй-бонмæ рæзы республикæйы уазджыты цымыдисдзинад ахæм объекттæм. Æнæ бафиппайгæ нæй, цы бирæ куыст æрцыд уыцы бæстыхæйттæ сног кæныны хъуыддæгты, Аланийыл саргъуыды 1100 азы фæлгæты, — загъта Дзанайты Барис. — Фæлæ ма нын бакусинаг дæр бирæ ис нырма. Нæ республикæйы Сæргълæууæджы уынаффæтæ дæр баст сты нæ культурон хæзнатæ бахъахъхъæнынимæ. Хъуамæ сæ фидæны фæлтæртæн аккаг хуызы ныууадзæм.

Федералон нысаниуæг кæмæн ис, ахæм 411 объекты, стæй 264 регионалон нысаниуæгимæ æмæ ныр кæй сбæрæг кодтой, ахæм 1307 объекты хъахъхъæны паддзахад. Ацы бæрæггæнæнтæ фехъусын кодта РЦИ-Аланийы культурон бынтæ бахъахъхъæныны æмæ сæ пайда кæныны комитеты сæрдар **Гæлуаты Ацæмæз**.

Ивгъуыд аз Алагиры, Æрыдоны, Æрæфы æмæ Горæтгæрон районты сбæлвырд кодтой 14 культурон объекты бахъахъхъæныны арæнтæ. Ахæм уынаффæ рахаста республикæйы Хицауад. Æрмæст Алагиры районы æрбынæттон сты 240 объекты.

Ацы азы кæронмæ хъахъхъæнæн арæнтæ сбæрæг кæндзысты, Æппæтуæрæсеон туристон-рекреацион комплекс "Мамысон"-мæ 'ввахс цы 50 культурон удварны бынтæ ис, уыдонæн.

— Мидбæстон туризм æнтыстджын къахдзæфтæ кæны. Нæ уазджыты нымæц фылдæр кæны. Туристон маршруттæм нæ бафтауын хъæуы культурон объекттæ, алы ран дæр куыдфæндыйы цæстæй хъуамæ мачи кæса. Хъуамæ историон цыртдзæвæнты алыварс уа æфснайд æмæ сыгъдæг. Уый у æрвылбоны куыст, — бафæдзæхста Дзанайыфырт.

Районты сæргълæуджытæн сæ хæс у, уавæр куыд ивы, уымæ цæст дарын, барвæндонæй дзы хъуамæ мацы арæзтæдтæ цæуа.

Паддзахадон исбонад æмæ зæххы ахастдзинæдты министрад профилон комитетимæ иумæ, республикон æмæ муниципалон исбонады чи ис, уыдоны уавæрмæ хъуамæ цæст дарой æмæ сæ бахъахъхъæныны тыххæй фæндæттæ бахæссой. Алы объект дæр бахæссын хъæуы Иумæйаг паддзахадон реестрмæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

# "PRO Кавказ": уæлахиздзаутæ сбæрæг сты

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Уæлахиздзаутæ та сты: номинаци "Идея PRO интервью (видео æмæ текст)" — Республикæ Хъæрæсе-Черкесты дзыллон коммуникациты минæвар **Татевик Джилавян** æмæ Стъараполы дзыллон коммуникациты минæвар **Татьянæ Зыбинская**. Номинаци "Идея PRO репортаж (видео æмæ текст)" — Республикæ Дагестаны дзыллон коммуникациты минæвар **Патимат Расулова** æмæ РЦИ-Аланийы дзыллон коммуникациты минæвар **Хъайтыхъты Кристинæ**. Номинаци "Идея PRO очерк (видео æмæ текст)" — Хуссар Ирыстоны дзыллон коммуникациты минæвар **Æлборты Александрæ** æмæ РЦИ-Аланийы дзыллон коммуникациты минæвар **Сергей Телевной**. Номинаци "Идея PRO авторский канал в социальных сетях" — РЦИ-Аланийы æфсæддон уацхæссæг **Мамсыраты Георги**. Номинаци "Идея PRO радио" — Республикæ Цæцæны дзыллон коммуникациты минæвар **Хеда Расулаева**. Сæрмагонд номинаци "Идея PRO защитников Отечества: вчера, сегодня, всегда!" — РЦИ-Аланийы дзыллон коммуникациты минæвар **Хуасдзауты Алинæ**. Ерысы гран-при лæвæрд æрцыд РЦИ-Аланийы национ телекомпани "Осетия-Ирыстон"-ы кусæг **Мæхъиты Иннæйæн**.

Кадджын мадзалы ма архайдтой Белоруссийы Журналистты цæдисы сæрдар **Андрей Кривошеев**, телеуынынадон синдикаци "СТП Медиа"-йы разамонæг **Игорь Потоцкий**, ахуырадон центр "Машук"-ы разамонæг **Антон Сериков**, Журналистты дунеон цæдисы уæнг **Роман Серебряный**. Уæлдай æхсызгон уыд хъусын ерысы жюрийы хъуыдытæ РЦИ-Аланийы дзыллон коммуникациты минæвæртты куыстыты тыххæй. Роман Серебряный куыд загъта, афтæмæй уыдысты уæлдай хорз.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ, къамтæ систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

Барад

# Фæдзæхстадон фиддонтæ – мæнг фæндагон-транспортон фыдбылызты тыххæй

**Цæгат Ирыстоны Прокуратурæ зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта, фондз адæймаджы кæм уыд, ахæм фыдгæнæг къорды уæнгты ныхмæ цы уголовон хъуыддаг арæзт æрцыд, уый фæдыл.**

давд æхцатæ. Уый фæдыл уынаффæ, кæй зæгъын æй хъæуы, рахæсдзæн тæрхондон, фæлæ уал слестгæнджыты домæнтæм



Амынд къорды уæнгты азымджын кæнынц УФ-йы Уголовон кодексы цалдæр статьяйы бындурыл, фæдзæхстады къабазы цæстфæливæн митæ кæй сарæзтой æмæ æнæзакъон компенсацион фиддонтæ кæй райстой, уыимæ бастæй.

Слестгæнджытæ куыд раиртæстой, афтæмæй 2019 азы Дзæуджыхъæуы 34-аздзыд цæрæг йæ алыварс æрбамбырд кодта цалдæр адæймаджы, цæмæй иумæйаг хъарутæй бацархайой фæдзæхстадон компаниты фæрæзтæй адавын.

Къорды уæнгтæ, рагагъоммæ баныхас кæнгæйæ, фæдзæхстадон компанитæм æрвыстой фæндагон-транспортон фыдбылызты тыххæй суагъæтæ. Афтæмæй та, æппæт уыцы фæндагон-транспортон фыдбылызтæ дæр уыдысты æрхъуыдыгонд. Фæлæ, цалынмæ æцæгдзинад нæ раргом, уæдмæ 18 "фæндагон-транспортон фыдбылызы" тыххæй фыдгæнæг къорды уæнгтæ фæдзæхстадон компанитæй компенсациты хуызы райстой 7,2 милуан сомы бæрц.

Уголовон хъуыддаджы фæлгæты фæдзæхстадон компанитæ куырдиæттæ балæвæрдтой, цæмæй ахходжынтæй бадомой гæсгæ гуырысхойæгты исбонад ахст æрцыд.

Ныр уголовон хъуыддаджы фæдыл йæ хъуыды зæгъдзæн Промышленнон районы тæрхондон.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Хуссар Ирыстонæй

# Уæлæмхасæн бынæттæ

**Хуссар Ирыстоны Хицауад фарста æвæры, цæмæй Дзау æмæ республикæйы иннæ районты дæр байгом уой компани "БТК-4"-ы дæлхайæдтæ.**

Уый тыххæй Дзауы районы цæрджытимæ фембæлды фехъусын кодта республикæйы Президент **Гаглойты Алан**.

Президенты ныхасмæ гæсгæ, уыцы хъуыддаг къухы куы бафта, уæд республикæйы фæзындзæн цалдæр сæдæ уæлæмхасæн кусæн бынаты.

"Æрæджы мын сæрмагонд фембæлд уыд компани "БТК-4"-ы бындурæвæрæг, зындгонд амалхъом **Боллоты Таймуразимæ**. Уыцы фембæлды ацы фарстайыл дæр æрныхас кодтам. Ныр та республикæмæ ссыд компанийы минæвар — уый бынæттон ведомствæты бæрнон кусджытимæ æрдзурдзæн, компанийы ног дæлхайæдтæ районты кæцы бынæтты æрæвæрдзысты, ууыл", — бафиппайдта Гаглойы-фырт.

**(Информацион агентад "Рес")**

Социалон фондæй

# Пенсион æмæ æндæр лæггæдтæ – электронон хуызы

**Уæрæсейы Социалон фонды РЦИ-Аланийы регионалон хайады специалисттæ 2023 азы райдайæнæй нырмæ республикæйы цæрджытæн бакодтой 48 мин алыхуызон социалон лæггадæй фылдæр.**

Уыимæ, уыцы лæггæдтæн сæ 70 процентæй фылдæр адæм райстой электронон хуызы.

Ахæм нымæцтæ фехъусын кодта фонды регионалон хайады пресс-службæ.

Зындгонд куыд у, афтæмæй Социалон фонды хæстæ бирæ æмæ вазыгджын сты, йæ лæггæдтæй йын пайда кæнынц хистæр кары фæлтæртæ, ветерантæ, сахъат адæм, сывæллонджын бинонтæ æмæ, паддзахад алыхуызон социалон зæрдæдарæнтæ кæмæн сфидар кодта, уыцы къордты минæвæрттæ.

Уыимæ, азæй-азмæ фылдæр кæны, фондимæ электронон æмгуыстады фæткмæ чи ивы, уыцы адæмы нымæц. Уымæн ахъаз сты Социалон фонды электронон сервистæ. Уыдонæй спайда кæнæн ис фонды официалон сайты фæрцы. Ныртæккæ фонды электронон сервисты фæрцы райсæн ис 100 алыхуызон лæггадæй фылдæр. Уыцы æууæл, кæй зæгъын æй хъæуы, адæймагæн фадат дæтты йæ фарста дæрддзæгмæ уагыл алыг кæнын, фонды фæзуатон дæлхайадмæ йæ цæуын нал бахъæуы.

Социалон фонды лæггæдтæй электронон хуызы спайда кæныны тыххæй æппæт фарстытæ дæр бадæттæн ис сæрмагонд контакт-центрмæ ахæм телефонæй: **8-800-200-07-81** (кусы 9 сахатæй 18 сахатмæ, майрæмбоны та — 9 сахатæй 16 сахат æмæ 45 минутмæ).

**Нæ уацхæссæг**

Хиуынаффæйад

# Рацарæзтон куыстытæ — Дзæуджыхъæуы Доны станцæйы

**Дзæуджыхъæуы Доны станцæйы дарддæр цæуынц бындурон рацарæзты куыстытæ.**



Рацарæзты проект куыд æххæстгонд цæуы, уый сбæлвырд кæныны нысанимæ объект бабæрæг кодта Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеслав**.

Подрядон организацийы минæвæрттимæ аныхас кæнын æмæ куысты фæткимæ базонгæ уæвыны фæстæ Милдзыхы-фырт куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй куыстытæ раздæр фидаргонд графикæй иуцасдæр фæиппæрд сты.



— Куыстытæ бынтон зæрдæзæгъгæ фæткыл нæ цæуынц. График иуцасдæр фæкъуыхцы, дзæвгар рæстæг къæвдатæ кæй уыд, уымæ гæсгæ. Фæлæ ныр боныхъæд зæрдæхсайгæ нал у, арæзтадон фæзыл змæлд фæахадгæдæр кæнын хъæуы, — бафиппайдта администрацийы разамонæг.

Подрядон организацийы минæвæртты ныхасмæ гæсгæ, объектыл æрвылбон кусынц 60 адæймаджы бæрц æмæ арæзтадон техникæйы 12 иуæджы. Ныридæгæн уал араздзытæ кæнынц Доны станцæйы цадты бетон къултæ æмæ æндæр бындурон куыстытæ. Цадты къултæ æмæ бындуртыл уал схардз кодтой бетоны 1 мин кубометрæй фылдæр.

**Нæ уацхæссæг**

# Кировы район: йæ абон, йæ фидæн

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Стыр æргом здæхт цæуы ахуырад æмæ æнæниздзинады къабæзтæм дæр. Бындурон цалцæг æмæ модернизацийы программæмæ хаст æрцыдысты скъолатæ æмæ рæвдауæндæттæ. Алы скъолайæн дæр дихгонд æрцыд 6 милуан сомы нырыккон ифтонггæрзтæ самал кæнынæн. 2022 азы сæ дуæрттæ байгом кодтой культурæйы къабазы бæстыхæйттæ Ставд-Дуртæ æмæ Ираны хъæуты. Уырдæм æрвыст æрцыдысты ног специалисттæ, сæвзæрд дзы хихъæппæрисадон аивады алы къордтæ. 2023 азы та райдыдтам Змейкæйы доны хætæлтæ æмæ скъолаты рацарæзт. Бирæ хъуыддæгтæ æххæст кæнæм паддзахадон программæтæ æмæ национ проектты фæрцы. Цыбыр дзырдæй, район рæзы, лыггонд цæуынц ахсджиаг фарстатæ, царды уадзæм нæ ног нысантæ. Æппæт ацы куыст цæуы районы цæрджытæ æмæ разамынды иумæйаг архайдæй, — загъта Батиаты Хъазыбег.

Æмбырды рæстæг депутаттæ æркастысты æмæ ивддзинæдтæ бахастой иуæй-иу закъоны проекттæм дæр. Уый фæстæ Тускъаты Таймуразæн администрацийы уыдис фембæлд районы фæллой æмæ хæсты ветерантимæ. Парламенты Сæрдармæ лæвæрдтой фарстытæ, уæлдай тынгдæр адæмы цы тыхсын кæны, уыцы лыггæнинаг хъуыддæгты фæдыл. Районы Ныхасы сæргълæууæг **Къубалты Солтан** куыд радзырдта, афтæмæй скъолаты ахуырадон программæйæ айстой ирон æгъдæутты урок.

— Нæ традицитæ æмæ æгъдæуттæ скъоладзаутæн амынд цыдысты бæлвырд, æмæ уый тынг хорз мадзал уыдис мадæлон æвзаджы рæзтæн. Ныр та ирон æвзаджы сахæттæ дæр фæкъаддæр кодтой, æмæ уыцы хъуыддагæй мах, районы цæрджытæ, разы не стæм, — загъта Къубалы-фырт. Фарстытæ бирæ уыдысты, æмæ се ппæты фæдыл дæр спикер зæрдæ бавæрдта хæстæгдæр рæстæг сæ сæххæст кæнынæй.

Кировы районмæ кусæг балцы рæстæг Тускъаты Таймураз бабæрæг кодта социалон объекттæ дæр. Елхоты спорткомплекс арæзт æрцыд 2017 азы. Уый размæ спортæй сывæллæттæ æмæ фæсивæд архайдтой скъолаты залты. Ныр егъау Спортивон галуан йæхимæ ‘лвасы канд районы рæзгæ фæлтæры нæ, фæлæ нæ республикæйы сывæллæтты дæр. Спорткомплексы кусджытæ Парламенты Сæрдарæн радзырдтой сæ æнтыстдзинæдты тыххæй. Бæстыхайы ис æппæт нырыккон фадæттæ дæр спорты алы къордты архайынæн, уыимæ, æрмæст ерысты нæ, фæлæ хи дзæбæхгæнæн мадзæлттæ дæр. Тускъайы-фырт бабæрæг кодта Кæрдзыны хъæуы скъола æмæ рæвдауæндон дæр. Ахуырадон æмæ хъомыладон куыстуæтты разамонджытæ радзырдтой, сæ куысты хæстæ æххæст кæнынæн сын алы хорз уавæртæ дæр кæй ис, районы разамынд сын бахъуаджы сахат ахадгæ æххуыс кæй кæны, уый фæдыл.

**ДАДТЕТЫ Тамилæ**

Æхсæнад

# Сæ сабибонтæ – æнæрæвдыд

**Советон Цæдисы ацы цæрджытæн сабибонтæ нæ уыд. Сæ азтæй раздæр ралæгтæ сты, сæ лæмæгъ уæхсчытыл бавзæрстой бирæ фыдæбон. Зындзинæдтæн — фæразон, хистæрты фарсмæ хæсты ныхмæ æрлæууыдысты. Сæ цæссыгтæ згъалгæйæ, хæсты быдырмæ фæндараст кодтой сæ фыдæлты, уый фæстæ та æдзынæгæй кастысты, кæд мыййаг хæдзармæ фæндагыл уыдонæй исчи æрбацæуы. Хæстон фыстæджытæ-иу сæ гыццыл къухтæй риумæ нылхъывтой…**

Мызуры цæрæг **Едзиты Андрей**… Ацы адæмæн нæ уыдис амондджын сабибонтæ, кад æмæ радимæ цæрынц адæмы 'хсæн. Районы сæ зонынц æмæ сын аргъ кæнынц сæ бирæ азты иузæрдион фæллойы тыххæй, сæ алыварс адæмæн хæссынц æхсызгон æнкъарæнтæ.

Æхсæнадон майдан "Хæсты сывæллæттæ" æмæ чингуытæ уыдонæй



Æнахъом чызджытæ æмæ лæппутæ сæ ныййарджыты бæсты куыстой быдыры, лæууыдысты заводы станокты уæлхъус, алцæмæй æххуыс кодтой æмæ уыцы-иу рæстæг тырныдтой ахуырмæ, уымæн æмæ сæ фидарæй уырныдта сæ рæсугъд фидæн: хæстæн уыдзæн кæрон, æмæ цард дарддæр цæудзæн. Уыцы фæлтæры патриотизм, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг фæллойадон уæлахизтæ, æнæкæрон хъæбатырдзинад адæмы зæрдæты цæрдзысты æнустæм.

Ныхас цæуы хæсты сывæллæтты фæлтæрыл. Æмбал кæмæн нæй, ахæм адæм. Абон уыдон сты карджын, урссæр хистæртæ, цæрынц не 'хсæн, алкæмæн дæр йæ цардвæндаг — хицæн. Кодтой фæллой, хъомыл кодтой кæстæрты, горæттæ æмæ хъæуты æхсæнадон царды архайдтой. Ивгъуыд къуырийы Алагиры районы администрацийы къорд адæймагæн кадджын уавæры радтой майдантæ "Хæсты сывæллæттæ".

Алагирæгтæ **Лилия Магелат, Гæциты Петр**, алкæмæндæр балæвар кодта **Лалыты Левæ**. Хъайтар, парахат зæрдæйы хицау Лалыйы-фырт у Дзæуджыхъæуы Ветеранты советы сæрдар, Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон палатæйы уæнг. Буц хистæртæн арфæ ракодта сæ фæразондзинады тыххæй, хæсты рæстæг фæсфронты хъæбатырдзинад кæй равдыстой, уый тыххæй.

— Бирæ азты ма æнæниз æмæ цардбæллонæй цæрут, — загъта Левæ.

Кадджын мадзалы архайдтой Æппæтуæрæсеон æхсæнадон организаци "Хæстон æфсымæрад"-ы цæгатирыстойнаг хайады хицау **Басаты Валери**, районы Ветеранты советы сæрдар **Икъоты Руслан**, районы æхсæнадон палатæйы сæрдар **Æгъуызарты Валери**, æфсæддон **Хортиты Эсен**, районы Минæвæртты æмбырды депутат **Дзарасаты Аслан**, районы администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг **Æгъуызарты Хетæг**. Кадджын мадзалы уыдысты курдиатджын сывæллæттæ — æрыгон нывгæнджытæ архайдтой ахуырдзауты 'хсæн нывкæнынады конкурс "Есть память, которой не будет конца"-йы, стæй Æппæтуæрæсеон патриотон конкурс "Память сильнее времени"-йы. Кæстæр фæсивæды дисы бафтыдта, хæсты сывæллæттæ цы бирæ зынтæ бавзæрстой, уый, Уæлахизмæ сæ тырнындзинад. Хæсты сывæллæтты номæй зæрдиаг арфæ ракодта Лилия Магелат.

— Махæй алкæмæн дæр ацы майдан уыдзæн нæ сабибонты мысинæгтимæ баст. Нæ фæлтæр цы зындзинæдтæ бавзæрста, уыдон макуыуал мачи бавзарæд. Амондимæ сабыр бæстæйы цæрут! — загъта сылгоймаг.

Фæсныхас: Æхсæнадон майдан лæвæрд цæуы Уæрæсейы граждæнтæн 1928 азы 22 июнæй 1945 азы 3 сентябрмæ чи райгуырд æмæ хæсты рæстæг иудадзыг Советон Цæдисы чи цардис, уыдонæн.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

*Скæнæм нæ тырыса дзыллæйы номæй, —*
*Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй!..*


# НÆ ИРЫ ФÆСИВÆД

ГАЗЕТ ГАЗЕТЫ

ФАРС ЦÆУЫН РАЙДЫДТА 1994 АЗЫ 31 МАРТЪИЙЫ ● 2023 АЗЫ 15 ИЮЛ — СУСÆНЫ МÆЙЫ 15 БОН, САБАТ №6 (90)


Архайд

## Уæлахиздзау

**Дзæуджыхъæуы Александр Пушкины номыл 7-æм астæуккаг скъолайы 5-æм къласы ахуырдзау Реуазты Данæ сси аив кæсынæй Дунеон конкурс ”Живая классика”-йы уæлахиздзау. Арæзт арæзт æрцыд Мæскуыйы Сырх фæзы. Æрæджы уый тыххæй фыста ”Литературная газета” дæр.**



Данæ йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй йын поэзи йæ фыд бауарзын кодта. Цы скъолайы ахуыр кæны, уым ныридæгæн моноспектаклы ахъазыд.

Йæ мад — **Гайты Людмилæ** куыд фехъусын кодта, афтæмæй Данæ жюрийы алы уæнгæй дæр райста бæрзонд бæрæггæнæнтæ.

— Кæд ранымайгæйæ дыккаг архайдта, уæддæр ын жюрийы уæнгтæ иууылдæр сæвæрдтой дæсгай баллтæ. Зындгонд артист **Дмитрий Дюжев** сæрмагондæй раныхас кодта Данæйы тыххæй. — Нæ зæрдæтæ цины æнкъарæнтæй байдзаг сты. Уый тынг ахсджиаг уæлахиз уыд махæн! Данæ бакаст зындгонд уырыссаг классик Иван Тургеневы уацмыс "Голуби". Йæхæдæг куыд загъта, уымæ гæсгæ æнæхъæнæй дæр аныгъуылдис уацмысы мидисы, суанг ма йын боныхъæд дæр уымæн феххуыс. Мах тынг амондджын стæм, — фæбæрæг кодта Людмилæ.

Кæронбæттæны фембæлдысты 10 адæймаджы — Æппæтуæрæсеон конкурсы æмæ Дунеон конкурс "Живая классика"-йы уæлахиздзаутæ. Реуазты Данæ райста æппæты бæрзонддæр балл æмæ бахауд æртæ тæккæ хуыздæрты номхыгъдмæ.

— Фыццаг дзы архайдтой æппæт Уæрæсе æмæ дунейы 50 бæстæйы. Кæронбæттæнмæ рацыдысты Амырычы, Мексикæ, Эстони æмæ Сомихы минæвæрттæ, — фæбæрæг кодта Людмилæ.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: конкурс "Живая классика"-йы кæронбæттæн ацыд центр "Артек"-ы. Данæ уыд иунæг уæлахиздзау, Ломоносовы номыл скъолайы стипендиат чи сси, ахæм.

Уыцы хорзæх ын фадат дæтты МГУ-йы пансионаты лæвар ахуыр кæнынæн æмæ уый фæстæ цавæрфæнды уæлдæр ахуыргæнæндонмæ бацæуынæн.

**КОЧИТЫ Альбинæ**

Аивад

## Зарæджы фарны аудынад

**Алагиры Сывæллæтты аивæдты скъола ныр бирæ азты дæргъы йæхимæ ‘лвасы курдиатджын сабиты æппæт районæй дæр. Уыдон ам ахуыр кæнынц алыхуызон сфæлдыстадон дæсныйæдтыл. Сæ сæйрагдæр хуызтæй иу у хоры зарыны аивад.**

Хормейстер **Гаситы Иринæйы** къласы цы фæсивæд æрбамбырд сты, уыдон сæ удтæй фылдæр уарзынц зарын. Сæ къорды истори нырма хæрз цыбыр у, фæзындис 2018 азы.

— Мæхæдæг дæр ацы скъолайы рауагъдон дæн, æмæ, ардæм кусынмæ куы ‘рбацыдтæн, уæд мыл æхсызгонæй сæмбæлдысты директор **Икъаты Элизæ** æмæ мæ ахуыргæнæг **Толпарты Беллæ**, хионы цæстæй мæм ракастысты. Беллæйæ тынг бузныг дæн, уымæн æмæ мын æнæвгъауæй лæвар кодта йæ профессионалон дæсныйад æмæ музыкæмæ цымыдисдзинад. Мæ куысты сæйраг мидис, куыд разамонæгæн, афтæ уыд хоры зарæггæнджыты къорд саразын — коллективон æнкъарæнтæ сæм сæвзæрын кæнын, уымæн æмæ, хоры чи зары, уыдон хъуамæ, æнæмæнгæй, кæрæдзийы æмбарой æмæ хъусой, æмæ, мæнмæ гæсгæ, уыцы хъуыддаг мæ къухы бафтыд, — зæгъы Гаситы Иринæ.

Абон коллективы репертуары ис 3- æмæ 4-хъæлæсджын уацмыстæ. Архайынц дзы 25 зарæггæнæджы, репетицитæм дæр цæуынц стыр зæрдиагæй. Уыдоны 'хсæн сты Сывæллæтты аивæдты скъолайы рауагъдонтæ **Чсиаты Мария, Тавифа Акиева, Фардзинты Валерия, Уазиаты Дзерассæ** æмæ **Зæринæ, Хъулаты Аланæ**.

Ивгъуыд ахуыры аз хоры къорд зæрдиагæй архайдта скъолайы культурон царды алыхуызон мадзæлтты. Арæзт куы 'рцыд, уæд йæ рæзты сæйрагдæр уавæрыл нымад уыд, канд хи скъолайы æмæ районы зарын нæ, фæлæ фылдæр фæлтæрддзинад райсын.

— Уымæн ирд æвдисæн уыд нæ къорды архайд хоры коллективты Æппæтуæрæсеон фестиваль-конкурсы. Уыцы хъуыддаджы нын зæрдиагæй баххуыс кодта Алагиры районы культурæйы управленийы разамонæг **Дзугкойты Дзамболат.** Не скъолайы историйы фыццаг хатт хоры къордæн бахуыдтой концертон уæлæдарæс. Уый руаджы нæ сценикон фæлгонц рауад зæрдæмæдзæугæ. Стыр ахсджиаг хъуыддагыл ма нымайын, конкурсы агъоммæ мæ раздæры ахуыргæнæг дирижеры дæсныйадыл, зындгонд хормейстер **Туаты Владимир** не скъоламæ кæй æрбацыд æмæ цæстуарзонæй хоры уæнгтæн профессион дæсныйады сусæгдзинæдтæ кæй бахай кодта, уый. гæсгæ конкурсы нæ архайд рауад æнтыстджын, æмæ систæм фестивалы уæлахиздзаутæ, — загъта хоры разамонæг.

Хæрз æрæджы хоры коллектив архайдта, Оперæ æмæ балеты театры аивадон разамонæг, Уæрæсейы адæмон артисткæ **Гергиты Ларисæйы** разамындæй Сергей Рахманиновы юбилейы кадæн цы концерт ацыд, уым. Хор азарыд композиторы романс "Здесь хорошо".

— Гергиты Ларисæ цымыдисдзинад равдыста æрыгон хоры къордмæ æмæ сывæллæттæн республикæйы егъаудæр Музыкалон театры сценæйыл азарыны фадат радта. Уый ноджы стырдæр ныфс бауагъта къорды архайджыты зæрдæты. Ахæм



Уымæй сын ноджы фылдæр бауарзын кодта хоры зарын. Ноджы ма иумæ бакуыстам концертмейстер **Реуазты Надеждæйы** коллективимæ. Уый тынг фæахъаз сывæллæтты курдиæттæ раргом кæныны хъуыддаджы. Уымæ фадат бирæтæн нæ вæййы, æмæ профессионалон зарæггæнджытæ æмæ зындгонд пианисттимæ иу сценæйыл æрлæууай, — бафтыдта ма йæ ныхасыл Гаситы Иринæ.

**ДАРЧИТЫ Юлия**

Конкурс

## Мæздæджы районы æвзонг нывгæнджытæ

**Æрæджы Мæздæджы равзæрстой нывты конкурс ”Голос детства”-йы хуыздæр æвзонг нывгæнджыты. Ацы хатт конкурсы архайдтой 150 куыстæй фылдæр. Бавдыстой сæ ахæм номинациты: ”Живопись”, ”Графика” æмæ ”Декоративно-прикладное творчество”. Номинацитæм хауд канд сæрибар нæ, фæлæ ма дыууæ уæлæмхасæн темæйы: ”Красота божьего мира” æмæ ”Сокровища нартов”.**



Конкурсы сæйраг нысан уыд ссарын æмæ сбæрæг кæнын курдиатджын сывæллæтты, аивадон скъолаты ахуырдзауты æмæ сæ ахуыргæнджыты сфæлдыстадон дæсныйад фæбæрзонддæр кæнын.

Жюрийы уæнгтæ куыд сбæрæг кодтой, уымæ гæсгæ сывæллæтты нывтæ дисы ‘фтауынц сæ уды сыгъдæгдзинад, хъармдзинад, зæрдæхæлардзинад æмæ уарзондзинадæй. Алы кърандас кæнæ ручкæ, кæттагыл цæмæйдæриддæр ныв кæнынц, сæ мидæг хæссынц фарн æмæ хорздзинад.

Дзæуджыхъæуы епархийы дины ахуырады кахетизацийы хайады сæргълæууæг **Артемий Пономаренко** куыд фæбæрæг кодта, уымæ гæсгæ архайджыты нымæц азæй-азмæ кæны фылдæрæй-фылдæр, сывæллæттæ та тырнынц рæсугъддзинад æмæ уды сыгъдæгдзинадмæ.

Куыстытæ бæлвырд иртæстгонд æрцыдысты. Уый фæрцы куыстытæй сбæрæг кодтой 66 æмæ сæ кармæ гæсгæ сывæллæтты адих кодтой æртæ къордыл. Архайджыты 'хсæн уыдысты Мæздæджы районы æмæ Стъараполы крайы Курскийы станицæйы сывæллæтты аивадон скъолаты минæвæрттæ.

Июны кæронмæ фенæн уыд уыцы нывты равдыст. Аивад чи уарзы, уыдонæн хорз фадат уыд æрыгон нывгæнджыты сфæлдыстадыл бацин кæнынæн, сæ дæсныйадæн сын аргъ скæнынæн, удцырын æмæ рæсугъд зæрдæйы æнкъарæнтæй бафсæдынæн.

Курдиатджын кæстæртæ

## Фæндыр — йæ царды цин

**Амонд, зæгъынц, уаддымгæйæ уæлдай нæу, дугъон бæхыл бады. Кæстæры зæрдæйы хæрзæвзонгæй цы курдиаты зынг ссудзы, уый та арæхстджын хистæрты аудындзинады руаджы рахизы сфæлдыстадон æрхъуыды æмæ арæхстдзинадмæ. Афтæ кæй у, уый уæлдай тынгдæр рабæрæг вæййы, фæсивæдæй йæхи национ музыкалон аивады чи фæлвары, уыцы курдиатджын рæзгæ фæлтæры æнтыстдзинæдтæй.**

Дзæуджыхъæуы 7-æм астæуккаг скъолайы 9-æм къласы ахуыргæнинаг **Джыккайты Артур** хæрзсаби ма уыд, афтæмæй бауарзта ирон фæндырдзагъды аивад. Йæ мадымад, дæсны æмæ арæхстджын музыкант Тарханаты Маринæйæ фыццаг хатт фехъуыста ацы музыкалон инструменты зæрдæагайынгæнæг зæлтæ. Йæ къухтæм та фыццаг хатт фæндыр райста дыууадæсаздзыдæй. Йæ курдиат æмæ зæрдæргъæвддзинад куыд амонынц, уымæ гæсгæ цæгъды æнæ хистæрты æххуысæй. Куыд нын загъта, афтæмæй нотæтæ нæ зоны. Ирон зарæджы кæнæ цагъды зæлтæ телеуынынадæй, радиойæ уа, Интернеты национ музыкалон сайттæй куы фехъусы, уæд æй уайтагъддæр зæлæйзæлмæ дæсны йæхи фæндырæй ацæгъды. Скъолайы дæр йæ уыцы арæхстдзинад æнæбафиппайгæ нæ фесты. Тематикон изæрты, къласы сахаты кæнæ урокты 'хсæн фæлладуадзæн рæстæджы Артур йæ фæндырдзагъдæй барухс кæны ахуыргæнджытæ æмæ æмкъласонты зæрдæтæ.



Уæлдай зæрдиагдæрæй йæ курдиатыл цин кæны ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг **Плиты Ланæ**. Уымæн æмæ Джыккайты курдиатджын лæппу канд музыкæйы арæхстджын нæу. Уарзы ирон æвзаг æмæ литературæ дæр. Ацы предметтæй скъолайы цы олимпиадæтæ æмæ фæсурокты сфæлдыстадон архайд вæййы, уым æхсызгонæй фæархайы. Йæ уæздандзинад æмæ ‘гъдау дæр у тæхудиагæн бафæзминаг.

Нæ зындгонд фæндырдзæгъдджытæй Артур се 'ппæты сфæлдыстадæн дæр стыр аргъ кæны. Йе 'взонг зæрдæйы та уæлдай стырдæр бæллиц у, УФ-йы сгуыхт артисткæ **Мыстулаты Иринæ** æмæ РЦИ-Аланийы адæмон артист **Дзуццаты Сосланы** фæндырдзагъды аивады бæрзæндтæм схизын. Ныридæгæн сын сæ музыкалон композицитæ сахуыр кодта, арæхстджынæй сæ фæцæгъды.

Профессионалон музыкалон ахуырад райсынмæ, йе сфæлдыстадон курдиаты гæнæнтæм гæсгæ цæттæ кæй у, уый рабæрæг республикон конкурс "Ирыстоны æвзонгдзинад" æмæ Мыстулаты Иринæйы номыл фæндырдзæгъдджыты конкурсы. Йæ архайджыты 'хсæн хицæн номинациты бацахста уæлахиздзауы бынæттæ. Лæвæрд ын æрцыд дипломтæ, æхцайы премитæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæ.

Æцæг ирон æвзыгъд кæстæр, курдиатджын лæппу Джыккайты Артурмæ цард æмæ аивады цы рухс фæндтæ ис, уыдон ын куыд сæххæст уой, уый йын нæ зæрдæ зæгъы!

**ГАСАНТЫ Валери**

Æмдзæвгæтæ

### Уалдзæг

*Аргъæутты бæстæмæ*
*Уалдзæг нæм æрцыд.*
*Быдыртæ 'мæ кæмттæ*
*Цины каст кæнынц.*

*Акæсут фæйнæрдæм —*
*Цас рæсугъд нывтæ.*
*Æрдзы зæрдæ райы,*
*Дунемæ кæсгæ.*

*Майы фæлмæн бонтæ*
*Мах ныр буц кæнынц.*
*Дидинджыты улæфт*
*Бæстæн рухс дæтты.*



***БЫГЪУЫЛТЫ Алисæ,***
***Дзæуджыхъæуы 43-æм скъолайы***
***6 "А" къласы ахуырдзау***

### Æрдзы нывтæ

*Цæй хорз у бон, цæй хорз у уалдзæг,*
*Куыд зары булæмæргъ сæумæ.*
*Быдыртæ дидинджытæ калынц,*
*Сæ хæрздæф 'рбахæццæ мæнмæ.*

*Сыр-сыргæнгæйæ уайынц дæттæ,*
*Хур худы алкæмæ фæлмæн.*
*Куыд райдзаст уалдзæг у хæхбæсты,*
*Мæ зæрдæ барухс ис мæнæн...*



***ПУХАТЫ Ацæмæз,***
***Дзæуджыхъæуы 43-æм скъолайы***
***9 "В" къласы ахуырдзау***

### Мад

***Хæрзцыбыр дзырд — ныййарæг мад,***
***Нæ къонаты æхсидгæ арт.***
***Нæ зарджыты рæсугъддæр зæл,***
***Нæ уалдзыгон фæлмæн изæр.***

***Сывæллæттæн зынаргъдæр ном,***
***Нæ аргъæутты æхцон кæрон,***
***Нæ зæрдæтæн сæ цинхæссæг,***
***Нæ зæрин хур, нæ рухсдæттæг,***

***Нæ раст фæндаг, нæ царды уаг,***
***Нæ амонд — дунейæн йæ фаг.***
***Нæ удлæууæн, нæ фæрныг цард,***
***Хæрзцыбыр дзырд — ныййарæг мад.***

***БЕКЪОЙТЫ Аделинæ,***
***Дзæуджыхъæуы гимназ "Диалог"-ы***
***7-æм къласы ахуырдзау,***
***ахуыргæнæг КИСИТЫ Заремæ***

Культурон традицитæ

## Фестивалы уæлахиздзаутæ

**Фольклорон кафты театралон къорд ”Æртхурон” Абхазы архайдта фестивал ”Алтын-Майдан”-ы æмæ бацахста фыццаг бынат.**

**— Мæнæн тынг æхсызгон у, нæ кæстæр кафджыты къорд фестивалы уæлахиздзау кæй сси, уый.**



**Фæнды мæ фæбæрæг кæнын, абхазаг адæм ныл тынг зæрдиагæй кæй сæмбæлдысты, сценæйæ нæ нал уагътой. Уымæй дарддæр мах бахæлар стæм иннæ регионты коллективтимæ, сарæзтам чысыл мастер-класстæ. Ахæм фембæлдтытæ пайда сты уымæй, æмæ сæ мах цавæрдæр ногдзинæдтæ базыдтам, уыдон та махæй, — зæгъы къорды аивадон разамонæг Бестауты Георги.**

**Фестивалы сæйраг нысан у нæ бæстæйы адæмты культурон традицитæ бахъахъхъæнын, алы регионты аивадон коллективты ’мгуыстад фидар кæнын æмæ алы адæмыхæттыты ’хсæн хæлардзинад тауын.**

**Фарс бацæттæ кодта**
**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**



Фыдæлтыккон æгъдау

# Базыгæй кувын

**Базыгтæ сты кусарты раззаг æгъдты дæллаг хæйттæ. Кусартгæнæг сæ цины фынгмæ зынтæй фæхицæн кæны æгъдтæй. Уымæн æмæ сæ сæттын нæ фæтчы. Бадты хистæр фæкувы бæгæны æмæ рахиз базыгæй, стæй сæ адæтты бадты кæстæртæм. Дыккаг хистæр та — æртæ фæрскæй, æртыккаг хистæр — раззаг хуылфыдзаумæтты физонæгæй. Æмæ сæ адæттынц бадты астæуæй дæлæмæ бадæг кæстæртæм.**

Ирыстоны хъæуты кæмдæрты ацы æгъдау афтæ нæ кæнынц. Кæм дзы хистæр æртæ фæрскæй кувы, кæм та — раззаг хуылфыдзаумæтты физонæгæй. Уый раст нæу. Фыдæлты æгъдау сæм кæддæр чидæр фехæлдта... Суанг ма нæ адæмы истори æвдисæг Нарты кадджыты хистæр базыгæй куы кувы. Кадæг "Уырызмæджы æнæном лæппу"-йы кæсæм: "Уырызмæг Нарты æгъдаумæ гæсгæ, базыг цирхъы фындзыл бакодта æмæ кувы. Куывд куы фæци, уæд дзуры лæппумæ: "Лæппу, рауай, ацаход, мæ хур!"

> ”
> *Кадæг ”Уырызмæджы æнæном лæппу”-йы кæсæм: ”Уырызмæг Нарты æгъдаумæ гæсгæ, базыг цирхъы фындзыл бакодта æмæ кувы. Куывд куы фæци, уæд дзуры лæппумæ: ”Лæппу, рауай, ацаход, мæ хур!”*
> “

Базыг, уæн æмæ сгуы сты кусартæн йе 'гъдауы хæйттæ. Базыг хистæр бæгæныйы къусимæ адæтты кæстæртæм. Уыдон ын йе 'гъдау куы скæнынц, уæд йæ асæттыныл сæ тых бавзарынц. Чи йæ асæтты, уымæн хистæр кады нуазæн радты.

Уæн-иу фыдæлты дуджы нуазæнимæ лæвæрдтой сгуыхт хæстон лæгæн. Ныр та кæстæрты цæрæнбоны сидтыл, йæ фыдæй къухæй ратонгæйæ, хай кæстæртæн нуазæнимæ.

Сгуы къæбицгæстæ хуынимæ арвитынц мыггагæй, хæстæджытæй тагъд рæстæджы чындзæхсæв кæнæ, куывд кæмæ уыдзæн, сыхы куывдæй — иннæ азы сын фысым чи уыдзæн, уыдонмæ.

Фæрсчытæ æмæ раззаг хуылфыдзаумæтты физонæгимæ бахæрынæй уæлдай фынгыл уый бæрц æгъдæуттæ нæй. Кусарт нæ акæнгæйæ, æртæ фæрскæй кувæм, æртæ кæй сты æмæ фынджы бæркадыл кæй ахадынц, уый тыххæй.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

Туризм

## Рæстæгмæйы фысымуæттæ

**”Уырыссаг газет” куыд фехъусын кодта, афтæмæй, фаронимæ абаргæйæ, ацы азы сæрды райдианы Цæгат Ирыстонмæ æрбацæуæг туристты нымæц бæлвырд фæфылдæр.**



Æрбацæуæг нæм туристты æрбынæттон кæнынæн рахастæуыд рæстæгмæйы модулон мини-фысымуæттæ саразыны уынаффæ.

— Кæй зæгъын æй хъæуы, ныртæккæ туристон агентæдтæ æмæ фысымуæттæ парахатæй кусынц. Фаронимæ абаргæйæ, ацы азы сæрды кæрон æрбафтæг туристты нымæц æппынкъаддæр фæндзай процент кæй фæфылдæр уыдзæн, уый зæгъæн ис, — фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Туризмы комитеты сæрдары хæдивæг **Тебиаты Мæдинæ.**

Нырыдæгæн нæ республикæйы саразтæуыд фараст ног туристон базæйы.

**Нæ уацхæссæг**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Иу сыхы богæлттæ

Сых — чиныг, хъæу — айдæн. Ацы æмбисонд рагæйæрæгмæ у диссаджы хъуыды. Адæймаджы сыхагæй хуыздæр чи зоны, æмæ йын хорз сыхаг куы уа, уæд уый амонды хос у. Хорз сыхæгты 'хсæн цардтæн Заманхъулы, Хетæгкаты Къостайы номыл уынджы. Сылгоймагыл азтæ куы рацæуы, уæд мысы, сыхы цавæр адæм царди, цы 'гъдау сæм уыди, чи цавæр фæд ныууагъта йæ фæстæ. Æз арæх цæуын Заманхъулмæ, уынын, чи куыд цæры, куыд хъомыл кæнынц сæ цоты, цавæр лæппутæ дзы уыдис, стæй дзы абон цавæр æрыгон фæсивæд хъомыл кæны.

Сидахъаты Солтаны фырт Юри уыд æфсады булкъон, хъæбысæйхæцæг, мотоциклетон спорты Уæрæсейы мастер. Таутиаты Жрапп уыдис хъæбысæйхæцæг, æппæтдунеон къласы спорты мастер.

Абон нæ сыхы хъомыл кæнынц диссаджы лæппутæ æмæ чызджытæ. Æгайтма Марат у уæгъдибар хъæбысхæстæй республикæйы æртæ хатты фыццаг бынæттæ, дыууæ хатты дыккаг бынæттæ æмæ æртæ хатты 3-аг бынæтты бацахсæг. Нырма у 7-æм къласы ахуырдзау. Марат тынг сæрæн лæппу у, йæ фыд Руслан æмæ мад Элинæйæн æгъдауджын æмæ коммæгæс кæстæр.

Хорз, хæрзæгъдау цот хæссынц Бæройты Валерæ æмæ Лянæ дæр. Абон бирæ цот дарын тынг зын у, фæлæ Лянæйæ афтæ никуы ничи фехъуыста, мæнæ мын зын у, кæнæ бафæлмæцыдтæн. Ис ын сæрæн дыууæ фырты æмæ хурæнгæс дыууæ чызджы. Лянæ йæхæдæг сывæллæтты цæхæрадоны хъомылгæнæгæй кусы. Йæ дыууæ фырты спортмæ (хъæбысæй хæцынмæ) рæвдз æмæ хæрзæгъдау кæй уыдысты, уый тыххæй æрвыст æрцыдысты Бетъырбухмæ сæрмагонд спорты скъоламæ, кæм ма райсдзысты аттестат, астæуккаг скъола каст кæй фесты, уый тыххæй дæр. Батрадз æмæ Артур, бирæ уын бантысæд, адон Заманхъулы райдыдтой спорты архайын, сæ тренер та уыдис кусæндон "Бухар-Дон"-ы руаджы, цы спортивон хайад байгом, йæ сæргълæууæг Сергей Ткачевы руаджы, уым.

Ам Сергей бацархайдта, цæмæй тренерæй кусын райдыдтаид Борыхъуаты Аслан, æмæ нæ фæрæдыд. Асланы фæрцы абон Батрадз æмæ Артур сты сæ кары уæлахиздзаутæ. Лянæимæ нымайын райдыдтам сæ хæрзиуджытæ, майдантæ, æмæ нын 60-йæ фæфылдæр сты. Артур, Батрадз алы хатт дæр уæлахиз ут, æгъдауджын æмæ хистæртæм хъусæг.

Фыдæлтæ кæддæр афтæ дзырдтой: "Куырд, дам, куырдыл ахыр кæны". Æмæ уый раст у, сывæллонæн дæнцæг куы нæ уа, уæд ницæуыл сахуыр уыдзæн.

Батрадз æмæ Артурæн сæ кæстæр хо Алинæ райдыдта Спорты галуанмæ цæуын, æмæ абон у 15 майданы хицау, хорзæхджын та ссис Уæрæсейы чемпионкæ уæгъдибар хъæбысхæстæй горæт Смоленскы. Уыцы 14 бынатæй иу хатт 2-аг бынат Дагестаны, 3-аг бынат ам, нæхимæ, иннæтæ сты иууылдæр фыццаг бынæттæ. Хæрз æрæджы Алинæ йæ карæнты 'хсæн ссис Европæйы чемпионкæ. Уыцы ерыстæ цыдысты Венгрийы.



БÆРОЙТЫ Алинæ
Европæйы чемпион

Хъуыдаккаты Вадим æмæ Алинæйы цот Давид æмæ Ангелинæ дæр мах фарсмæ цæрынц. Давиды Хуыцау саразта машинæтæм, цы нæ зоны, ахæм ын нæй. 28 майы йæ афæндараст кæндзыстæм æфсады рæнхъытæм. Дзæбæхæй сыздæхæт нæ сыхмæ.

Ангелинæ ахуыр кæны Дзæуджыхъæуы медицинон колледжы 3-æм курсы. Йæ сæрæндзинадмæ гæсгæ дзы хъуамæ рауайа дæсны медицинон хо.

Ангелинæ дæр у уæгъдибар хъæбысæйхæцæг, ис æм бирæ майдантæ, уый дæр фæстейы нæ лæууы. Иу сыхы ахæм спортуарзджытæ куы уа, уæд сын æвзæр фæндагыл ацæуынæй тас нæу.

Ацы кæстæртæм йæ цæст дары сæ хистæр, футболон секцийы разамонæг Æгайты Азæмæт. Бантысæд уын, нæ сыхы богæлттæ! Рæствæндаг ут!

Ацы сыхы цæрджыты кой кæм ракодтон, уым ма мæ фæнды зæгъын, сæ ныййарджытæ кæй сты фæзминаг, хъæуы 'хсæн бахъуаджы сахат алкæй раз дæр балæууынц æнæзивæгæй, сæрæн æвнæлд кæнгæйæ. Æгайты Руслан фыдæбон кæны Дзæуджыхъæуы "Водоканал"-ы, йæ бинойнаг Элинæ у хъæусоветы депутат, Бæройты Валерæ кусы æхсæнад "Бухар-Дон"-ы, Лянæ, куыд загътон, афтæ у хъомылгæнæг сывæллæтты цæхæрадоны, уæдæ Хъуыдаккаты Вадим та у хæдзаргæнæг, алцыдæр кæны йæхи къухæй, йæ бинойнаг Алинæ кусы хъæууон скъолайы. Æнæниз æмæ амондджын ут, мæ сыхæгтæ!

**ТАУТИАТЫ Минтæ, æхсæнадон архайæг**

Барадхъахъхъæнджыты куыст

## Цæстдард — Доны станцæмæ

**Фыдбылызтæй хи бахизæн куыд ис, Горæтгæрон районы мидхъуыддæгты хайады кусджытæ уый сывæллæттæн æмбарын кæныны куыст æнæсцухæй æххæст кæнынц.**

Ацы æнтæф бонты адæм фæллад уадзынмæ кæдæм æрбацæуынц, æрæджы пъагонджын хъомылгæнджытæ Октябрыхъæуы доны уыцы станцæ бабæрæг кодтой. Доны объекты уæвæг сывæллæттæ хи найыны фæтк куыд æххæст кæнынц æмæ ирвæзынгæнджытæ доны станцæйы куыд кусынц, æнахъомты хъуыддæгты фæдыл инспектортæ уыдæттæ сбæлвырд кодтой. Барадхъахъхъæнджыты ныхасмæ гæсгæ, доны амынд объект æдас фæлладуагъды æппæт домæнты аккаг у.



Хъомыл адæймæгты цæстдардимæ хи найын æрмæст сæрмагонд рæтты кæй æмбæлы æмæ доны уæвыны рæстæг æдасдзинады домæнтæ æнæмæнг æххæстгæнинаг кæй вæййынц, æнахъомты хъуыддæгты фæдыл инспектортæ пъæлицæйы майор **Джыккайты Ольгæ** æмæ хистæр лейтенант **Дзидзойты Ольгæ** сывæллæтты зæрдыл уыдæттæ æрлæууын кодтой.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

Бынæттон хиуынаффæйад

## Скейт-парчы арæзтад

**Дзæуджыхъæуы фæзындзæн гом арвы бын нырыккон скейт-парк.**

Ацы хабар фехъусын кодта горæты администрацийы пресс-службæ.

Парк æрбынæттон уыдзæн Хъесаты Колкайы уынгмæ 'ввахс ран Терчы былгæрæтты. Чысыл хъуагæй дыууæ мин квадратон метры фæзуатыл роллертæ æмæ скейтертæн саразысты сæрмагонд фæзтæ.



Ныртæккæ экстримуарзаг адæм тренировкæтæ кæнынц Чкаловы уынджы хиды бын.

— Ног скейт-парк æппæт нырыккон домæнты (æдасдзинады домæнтæ дæр нымайгæйæ) аккаг уыдзæн. Ацы аз скейт-парчы бетон бындур бацæттæ кæндзыстæм. Сывæллæттæн скейттæ, роликтæ æмæ самокаттæ тренировкæтæ кæныны фадат кæй фæрцы уыдзæн, фæстæдæр ахæм сæрмагонд тренажертæ æрæвæрдзыстæм. Ныртæккæ ифтонггæрзтæуадзæг куыстуатимæ ныхас кæнæм, — загъта администрацийы аивкæнынад æмæ цъæхвæлысты управленийы хицауы хæдивæг **Хъороты Давид**.

Фæззæджы райдианмæ арæзтады фыццаг хай кæронмæ ахæццæ уыдзæн. Дзæуджыхъæуккæгтæ платформæ Za.gorodsreda.ru-йы фæрцы, кæй аивкæнынадыл схъæлæс кодтой, скейт-парк у уыцы 18 объектæй иу. Скейт-парк аразынц национ проект "Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг уавæртæ"-мæ гæсгæ.

**15-æм регион**

# Дзырдбыд

**ФÆРСЫРДÆМ:** 1. Цырддзаст. 5. Доны бардуаг. 10. Хъуын, къæм. 11. Зындгонд советон уырыссаг артист. 13. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 14. Цырд, æвзыгъд. 16. Къустæ æвæрæн. 17. Ихдзæуæн. 20. Давæг æдзухдæр ... агуры. 24. А. Толстойы аргъау "Золотой ключик"-ы архайæг . 25. Адаг, мæскъ. 26. Дуртæй ауæзт. 28. Фæздæгдзæуæн. 31. Кæсаг æргъайы мыггагæй. 34. Æвæстаг. 35. Сомихы паддзах III æнусы кæрон æмæ IV æнусы райдайæны. 36. Фæлгæт. 37. Хох Хуссар Ирыстоны. 38. Хæдзары дзаума. 40. Хиконд къалбас. 41. Зындгонд украинаг поэты ном. 44. Сылхуыз. 45. "Æз фæхуысдзынæн... уыцы бæмбæгыл". 47. Коцойты Арсены радзырд "Ханиффæйы мæлæт"-ы архайæг. 49. Уисæй бæндæн. 51. Департамент Францы. 53. Хетæгкаты Къостайы райгуырæн хъæу. 55. Лæнк. 57. Къонайы хай. 59. Рагон исландиаг таурæгъы хуыз. 61. Хуыйæндаг. 63. Тъæпæн, лæгъз. 66. Хæст паддзахады мидæг. 68. Æдзæрæг бæстæ Чилийы. 69. Балетон термин. 70. Уæзбын, æнарæхст, æнæрхъуыды. 73. Сырдты бал. 76. Лæбырд. 78. Мыдыбындзыты бардуаг. 80. "Пака худ нысчъилтæ, сæр æхсырфæй..." (Къоста). 81. Паддзахад Хуссар Америчы. 82. Æнгуылдзы хай. 83. Æнæ исты райсгæйæ, хъуыддаг чи нæ аразы, ахæм æдзæсгом адæймаг. 84. Саргъы бæхы фæлысты хай.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Къантор. 2. Лæппынвос. 3. Æрмæг. 4. Тæхæг маргъ. 6. Горæт Чехийы. 7. Авджын мигæнæн. 8. Паддзахад Африкæйы. 9. Уæрдоны хай. 12. Адæмыхатт Либерийы. 15. Уæлæдарæс. 18. Зондджын лæджы... бæрæг вæйийы. 19. Музыкалон инструмент. 20. Музыкалон пьесæ. 21. Цæугæдон Гуырдзыйы. 22. Бынхæрд. 23. Цъымарайыл цъарæвæрд. 27. Сахъдзинад, æхсар. 29. Цæугæдон Германы. 30. Тæхæг маргъ. 31. Нартхоры æндæр ном. 32. Хæхбæстæ Уæрæсейы. 33. Хæмпæлгæрдæг. 37. Хуылфыдзаума. 39. Лæппулæг. 42. Сомы. 43. Сырд. 46. Прибалтикæйаг паддзахады сæйраг горæт. 47. Ауæдз. 48. Рæстæджы бæрц. 50. XIX æнусы даниаг зындгонд ахуыргонд æвзагзонынады. 52. Удгоймаг. 54. Экономикæйы къабаз. 56. Хъæдгуыстгæнæджы кусæнгарз. 58. Исты æвæрæн. 60. Медицинон кусæг. 62. Коммуналон кусæнуат. 64. Фысвосы фæззыгон хизæнуат. 65. Зæйц. 67. Хæмпæлгæрдæг. 71. Музыкалон пьесæ. 72. Уæрæсейы адæмыхæттытæй иуы минæвар. 74. Ансамбл аст адæймагæй. 75. Уæзы бæрц. 77. Нозт. 78. Чызджыты хохмæ куы... кодтам, уæд бамбæрстон хохаг фæндаджы ад. 79. Хорздзинадæн аргъ нæгæнæг.



### Дзуаппытæ 8 июлы номыры мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 4. Дзуг. 6. Гæды. 7. Асин. 9. “Симд». 11. Тузар. 12. Кадæг. 17 Æнтæф. 19. Фосгæс. 20. Къада. 21. Фæндырдзæгъдæгæй. 22. Синаг. 4. Бадыри. 25. Заман. 29. Уыдæс. 30. Зымæг. 31. Къус. 33. «Дыса». 34. Алæф. 35. Ивар.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Едыс. 2. Æгад. 3. Тæраз. 5. Уираг. 8. Мугæ. 10. Сæгъ. 13. Æнæфсис. 14. Хосдзау. 15. Хæсгард. 16. Адмирал. 18. Фадыг. 20. Къæдз. 23. Азым. 26. Адæг. 7. Уæйыг. 28. Уылæн. 31. Каис. 32. Сарт.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

ХЪУСЫНГÆНИНАГ

15 июлы, сабаты,
Дымтыхъæуы уыдзæн
Сонгуыты хъæузæды куывд.
Бæрæгбонмæ хуынд цæуынц Дымтæ æмæ
Хуссары хъæутæй рацæуæг мыггæгты
минæвæрттæ æмæ сæ хæрæфырттæ.
Уæ фарстытимæ бадзурæн
ис ахæм телефонтæй:
8-938-883-62-31 (Мухтар),
8-928-927-27-95 (Æхсар).
Фысымтæ



ХЪУСЫНГÆНИНАГ

15 июлы, сабаты, Æрæфы районы
Гæлиаты хъæуы уыдзæн
Фæроны дзуары куывд.
Хуынд цæуынц Гæлиатæй рацæуæг адæм,
стæй сиæхстæ æмæ хæрæфырттæ.
Автобустæ цæудзысты
Æрхонкæйы фæзилæнæй
райсомы 9.00 сахатыл.
Уæ хорзæхæй, уæхи
бафæдзæхсут дзуарыл!
Фысымтæ — ГÆЛÆБУТЫ
мыггаджы совет



Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Номыры радхæссæг редактор — **Гасанты Валери.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацитыкъабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3112.
Заказ № 822.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**